

# Kesyon yo Poze Pi Souvan

## Apèsi Sou Pwogram NYC Test & Trace la

### Kisa ki NYC Test & Trace Corps la?

Yon inisyativ sante publik pou konbat COVID-19. Objektif NYC Test & Trace se pou li anpeche COVID-19 la simaye epi pwoteje vil nou an grasa resous ak aksyon ki GRATIS. NYC Test & Trace Corps se yon gwoup doktè, pwofesyonèl nan sante publik, ak defansè kominotè ki ap travay pou goumen ak COVID-19 yon fason pou tout moun ka tounen lekòl ak travay, epi ede kenbe Vil Nouyòk an sante epi sennesòf.

Se NYC Health + Hospitals an kolaborasyon sere ak Depatman Sante ak Ijyèn Mantal (Department of Health and Mental Hygiene) ansanm ak lòt ajans nan vil la ki ap mennen travay Corps la.

### Ki objektif Test & Trace Corps la?

Corps la gen objektif pou li kenbe tout Nouyòkè yo an sekirite pandan l ap redui pwopagasyon viris la epi ede sila yo ki konfime ke yo gen maladi COVID-19 la mete tèt yo apa san pwoblèm epi pwoteje moun ki konte pou yo yo. Genyen twa (3) konpozan nan travay Corps la:

#### Tès

Gen tès pou COVID-19 ki konfidansyèl epi an sekirite pou tout moun k ap viv Nouyòk nan plizyè santèn sit atravè Vil la san yo pa bezwen peye anyen.

#### Retrase

Objektif trasaj la se pou idantifye moun ki te ka ekspoze a maladi a atravè kontak sere yo epi ede yo jwenn meyè kote pou yo mete kò yo apa san danje. Avèk lèd plizyè milye pwofesyonèl ki fòme nan sante publik ke yo rele "Contact Tracers", nou ap bay sipò ak Nouyòkè ki gen tès COVID-19 yo ki pozitif.

#### Pran Swen

Pwofesyonèl pou retrase kontak yo ap asire yo ke tout moun ki teste pozitif ansanm ak tout moun yo te gen kontak sere avè yo gen resous yo bezwen yo pou yo separe tèt yo san pwoblèm nan yon otèl oswa lakay yo san yo pa peye yon goud. Otèl yo ap genyen enfimyè ki lisansye ak klinisyen ki ap siveye malad yo 24 sou 24 ak 7 jou sou7; aksè nan entènèt, manje y ap bay yo, aksè ak sante mantal ak sipò byennèt yo, ansanm ak apèl lokal ilimite pou w rete konekte ak moun ki konte pou ou yo, tout sa yo ap gratis. Pou Nouyòkè ki chwazi pou yo izole tèt yo lakay yo a, ekip Pran Swen an ap ede yo jwenn aksè nan livrezon manje ansanm ak medikaman.

## **Kiyès mwen sipoze rele si mwen gen yon kesyon konsènan NYC Test & Trace Corps oswa konsènan COVID-19?**

Pou kesyon konsènan COVID-19 yo, enfòmasyon sou sit kote pou w pase tès, pwofesyonèl ki la pou retrase yo ak resous pou pwoteje tèt ou ak moun ki konte pou ou yo, rele nan 212-COVID19 (212-268-4319). Nou gen operatè ki disponib pou reponn kesyon w yo chak jou apati 9è am rive 9è pm.

## **Kòman NYC Test & Trace Corps ap asire sekirite ak konfidansyalite enfòmasyon pèsonèl yo?**

NYC Test & Trace Corps gen angajman pou li pwoteje vi prive ak sekirite enfòmasyon sante pèsonèl Nouyòkè yo jan lalwa federal, lalwa eta a ak lalwa lokal yo mande sa epi konfòmeman ak eksperyans NYC Health + Hospitals ak Depatman Sante Vil la genyen nan kenbe jan de enfòmasyon sa yo. Enfòmasyon ke NYC Test & Trace Corps resevwa atravè kontak yo retrase yo konfidansyèl epi yo pwoteje anba kòd Sante Vil Nouyòk la.

NYC Test & Trace Corps pa pral poze onkenn kesyon sou sitiyasyon imigrasyon pèsòn. Bazdone Corps la pa konekte ansanm ak onkenn bazdone ajans ki la pou aplike lalwa yo. Nenpòt enfòmasyon NYC Test & Trace Corps resevwa ap anrejistre an sekirite epi se estaf ki otorize yo k ap ka itilize I nan lentansyon sèlman pou pwoteje sante publik la.

## **Èske gen moun y ap konsidere kòm yon “chaj publik” anba lalwa imigrasyon poutèt li resevwa sèvis nan men Test & Trace Corps?**

Non. Pase tès la, pale ak yon pwofesyonèl ki la pou retrase moun, oswa itilize yon Take Care hotel pou w met kò w apa san danje p ap afekte posibilité w genyen pou w aplike pou rezidans pèmanan (kat vèt -green card). Anplis, tretman medikal oswa sèvis swen sante preventif ki gen rapò ak COVID-19 P AP konsidere anba règleman chaj publik la.

## **Kòman NYC Test & Trace Corps travay pou I konprann divès bezwen Nouyòkè yo, espesyalman kominote ke viris la plis touche yo?**

Corps ap travay yon fason pou li asire li ke efò sa yo reflete divèsite ki gen nan vil I ap bay sèvis la. Gwooup kominotè yo ap travay pou ba nou sipò pou ede nou bay bon jan sèvis, ki apwopriye pou kilti kominote a, epi pou nou adrese bezwen kominote kote pandemi COVID-19 la afekte anpil anpil yo. Anpitou, pwofesyonèl ki la pou retrase moun yo soti nan zòn Nouyòk kote COVID-19 la plis frape yo.

Anplis, grasa patenarya avèk plis pase yon douzèn òganizasyon ki baze nan kominote a toupatou nan vil la, NYC Test & Trace Corps ap mete Responsab Oryantasyon pasyan ki ap la pou yo ede Nouyòkè yo solisyone pwoblèm lojistik yo ka rankontre pandan y ap izole tèt yo san pwoblèm lakay yo, tankou aksè nan manje oswa nan medikaman.

## **Tès**

### **Kiyès ki ka al fè tès la?**

Tout Nouyòkè kapab pase tès dyagnostik COVID-19 la ak tès antikò san yo pa bezwen peye anyen. Tout Nouyòkè sipoze pase tès dyagnostik COVID-19 la, menm si yo pa gen onkenn sentom.

### **Ki kote Nouyòkè yo kapab pase tès la?**

Gen plizyè santèn sit pou fè tès toupatou nan vil la, sa gen ladan tou plis pase 30 pwen nan sant NYC Health + Hospitals yo, nan klinik CityMD yo, toupre rezidans NYCHA yo, nan pak ak sant detant yo, ansanm ak ti bis mobil ki la pou sa. Pou w jwenn yon sit ki tou pre w, al gade nan nyc.gov/covidtest oswa rele nan 212-COVID19 (212-268-4319).

## **Èske yon moun sipoze pase tès la plis ke yon fwa?**

Wi, tout moun dwe fè tès la souvan pou pwoteje sante ak sekirite yo menm ak pwòch yo.

## **Èske m ap gen pou m peye pou tès la?**

Non, anpil sit pou fè tès ofri tès pou COVID-19 la san ou pa bezwen peye anyen. Ou pa bezwen asirans pou w pase yon tès COVID-19 oswa pou w pase yon tès antikò nan nenpòt etablisman NYC Health + Hospitals. Si w gen asirans, li enpòtan pou w pataje enfòmasyon asirans ou an yon fason pou yo ka voye yon bòdwo bay konpayi asirans ou an. Men, ou p ap gen pou w peye onkenn kopeman oswa ko-asirans.

## **Kilè epi kòman m ap resevwa rezulta tès mwen an?**

Rezulta tès ou yo ap disponib nan 3-5 jou. Pandan w ap tann rezulta tès ou yo, li enpòtan pou w mete kò w apa lakay ou oswa nan yon otèl si w gentan gen sentom COVID-19 oswa si w panse w te ekspoze ak COVID-19.

## **Retrase**

### **Kisa ki retrasaj la (tracing)?**

Tracing, yo rele l tou “contact tracing”, li la pou yo jwenn moun ke yo dyagnostike ki genyen oswa ki te ekspoze ak COVID-19 lan, pwofesonèl sa yo la pou yo mande moun yo pou yo rete yon kote lwen lòt moun jiskaske yo pa ka simaye viris la ankò.

### **Ki wòl pwofesonèl ki la pou retrase kontak yo?**

Pwofesonèl ki la pou retrase kontak yo la pou rele moun ke tès yo pozitif yo oswa ki te ekspoze ak COVID-19 lan. Yon pwofesonèl pou retrase kontak ap:

- + Mande w kòman w santi w
- + Si w nesesite sèvis ak sipò pou ede w rete an sante epi pou w evite simaye COVID-19 lan
- + L ap esplike w konbyen tan ou sipoze rete lakay ou ak konbyen tan ou sipoze rete lwen lòt moun
- + Poze w kesyon pou eseye konnen kòman w te fè vin enfekte, si tès ou an te pozitif
- + L ap mande w non ak kontak moun ou te gen relasyon sere avè yo nan moman ou te ka simaye viris la bay lòt moun, si tès ou an te pozitif

Yon pwofesonèl ki la pou retrase kapab vizite w an pèsòn pou li verifye si w byen. Y ap montre kat identifikasiyon yo pou yo pwouwe w yo se yon pwofesonèl ki la pou retrase kontak (Contact Tracer).

### **Kòman NYC Test & Trace Corps fè gen enfòmasyon sou mwen?**

Si yo te dyagnostike w gen COVID-19, NYC Test & Trace Corps resevwa enfòmasyon w nan men Depatman Sante Nouyòk (NYC Health Department). Lalwa nan Eta Nouyòk ak Kòd Sante nan Vil Nouyòk oblige laboratwa yo voye rezulta tès pozitif yo bay Depatman Sante Nouyòk. Depatman Sante Nouyòk la pataje enfòmasyon ou yo ak pridans avèk NYC Test & Trace Corps selon lwa sou zafè konfidansyalite ki pèmèt tip enfòmasyon sa yo pou yo itilize nan lide pou yo pwoteje sante piblik la epi anpeche maladi simaye.

Si w te ekspoze ak COVID-19, NYC Test & Trace Corps yo te resevwa enfòmasyon sou ou paske yon moun ki genyen COVID-19 la te mete pwofesonèl yo okouran ke w te gen yon kontak sere avè l, oswa ou te yon kote yon moun ki gen COVID-19 kapab te ekspoze ou. Yon pwofesonèl ki la pou retrase kontak pa ka di w kiyès ki di yo ou te gen yon kontak sere avè l.

## **Kòman Nouyòkè ap fè konnen si moun k ap rele a se yon pwofesyonèl ki la pou retrase kontak?**

Pwofesyonèl ki la pou retrase kontak NYC Test & Trace Corps yo ap rele tout moun ki te gen tès COVID-19 yo ki te pozitif oswa ki te ekspose ak virus la. Tanpri reponn telefòn nan si w resevwa yon apèl:

- + NYC Test+Trace
- + NYC Covid Test
- + Yon nimewo telefòn ki kòmanse pa 212-540-XXXX or 212-242-XXXX

Ou ka mande moun nan tou pou li ba ou yon kòd pou mete nan zouti "Validate My Tracer" (Valide Pwofesyonèl ki la pou Retrase Kontak mwen an). Zouti a pral konfime non moun ki trase ou kòm kontak la si kòd la valid. Apre ou fin itilize yon kòd ki valid, l ap ekspire epi ou p ap ka itilize li ankò. Pou itilize zouti "Validate My Tracer":

- + 1) Mande yon kòd nan men moun k ap rele oswa vizit ou a.
- + 2) Ale sou testandtrace.nyc.
- + 3) Chwazi "Click here to Validate my Tracer" (Klike La pou Valide Pwofesyonèl ki la pou Retrase Kontak mwen an).
- + 4) Antre kòd la.

Yon pwofesyonèl ki la pou retrase kontak p ap JANM:

- + Mande w non w - yo deja konnen lè yo rele w la
- + Mande w Nimewo Sekirite Sosyal ou
- + Mande w nenpòt enfòmasyon finansyè prive
- + Mande w enfòmasyon sou kat kredi w
- + Mande w pou yo gen kontwòl oswa telechaje lojisyèl sou telefòn ou, tablèt ou oswa òdinatè w

Yon pwofesyonèl ki la pou retrase kontak ka vizite w lakay ou tou, sitou si yo pa ka jwenn ou nan telefòn. Y ap montre kat idantifikasyon yo pou yo pwouve w yo se yon pwofesyonèl ki la pou retrase kontak (Contact Tracer).

## **Kisa ki "kontak sere" ak yon moun ki gen tès COVID-19 li ki pozitif?**

Kontak sere se lè:

- + W ap viv ak yon moun ki gen tès COVID-19 li ki pozitif
- + Bo oswa gen relasyon seksyèl ak yon moun ki gen tès COVID-19 li ki pozitif
- + Bay swen nan yon kay kote ki gen yon moun ki gen tès COVID-19 li ki pozitif
- + Pase 10 minit oswa plis nan yon distans mwens pase 6 pye (2 mèt) ak yon moun ki gen tès COVID-19 li ki pozitif

## **Èske esmatfon mwen ka di mwen si mwen te nan kontak pwòch ak yon moun ki gen COVID-19?**

Si ou telechaje epi ou aktive aplikasyon COVID Alert NY la, w ap jwenn yon alèt si ou te nan kontak pwòch ak yon moun ki teste pozitif pou COVID-19. Aplikasyon an p ap janm pran, transmèt oswa konsève enfòmasyon pèsonèl epi li anonim san pou san. Yo p ap janm suiv lokalizasyon ou; aplikasyon an itilize teknoloji "Bluetooth" pou santi lè yon lòt moun ak menm aplikasyon an vini nan yon distans 6 pye. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou [coronavirus.health.ny.gov/covid-alert-ny/](https://coronavirus.health.ny.gov/covid-alert-ny/).

## **Mwen gen COVID-19. Kijan pou mwen di kontak pwòch mwen yo yo te ekspoze?**

Pwofesyonèl ki la pou retrase kontak yo pral fè kontak pwòch ou yo konnen yo te ekspoze ak COVID-19- men sèlman si ou pataje non yo ak enfòmasyon pou kontakte yo ak pwofesyonèl ki la pou retrase kontak ou a. Pwofesyonèl ki la pou retrase kontak ou a pa pral janm di kontak pwòch ou a se ou menm ki te bay non yo.

Nou rekòmande ou di kontak pwòch ou yo yo te ekspoze ak COVID-19 anvan yon pwofesyonèl ki la pou retrase kontak kontakte yo, si ou santi ou alèz pou w fè sa. Ou ka di yon bagay tankou: "Mwen te dyagnostike ak COVID-19. Paske nou te gen kontak pwòch pandan mwen te kapab pwopaje viris la, ou te ekspoze. Ou dwe rete lakay ou lwen lòt moun pandan 10 jou depi dènye fwa nou te ansanm nan. Si ou pa ka fè sa, rele Liy Dirèk NYC Test & Trace Corps la nan 212-COVID19 pou jwenn enfòmasyon sou resous gratis pou ede ou separe san danje, tankou manje gratis oswa yon chanm otèl gratis. Epitou, ou ka rele liy dirèk la oswa ale nan nyc.gov/covidtest pou jwenn adrès pou fè tès ki tou pre ou."

## **Pran Swen**

### **Ki kalte asistans Nouyòkè yo ap resevwa lè yo izole tèt yo lakay yo?**

Tout Nouyòkè ki mete tèt yo apa san pwoblèm lakay yo epi ki siveye sitiasyon sante yo ap resevwa apèl tchèkòp chak jou oswa mesaj tèks nan men yon pwofesyonèl ki la pou retrase moun, sa ka rive pwofesyonèl sa al vizite yo an pèsòn pou li verifye si yo byen. NYC Test & Trace Corps ap bay aksè tou nan manje ansanm ak nan medikaman.

### **Kòman Nouyòkè yo kapab jwenn aksè nan yon chanm otèl gratis pou yo izole tèt yo san danje si tès COVID-19 yo a te pozitif?**

Ou kapab elijib pou yon sejou gratis jiska 10 jou nan yon otèl si w pa gen yon kote pou w mete kò w apa san danje, yon fason pou w pwoteje moun ki konte pou ou yo. Pou w ka jwenn plis enfòmasyon, rele nan 212-COVID19 (212-268-4319).

### **Ki sèvis ki disponib nan yon otèl?**

Nouyòkè ki chwazi mete tèt yo apa san danje nan yon otèl yo ap genyen aksè nan transpò gratis ansanm ak enfimyè ki gen lisans ak klinisyen ki ap sipòte malad yo 24 sou 24 ak 7 jou sou 7; manje y ap bay yo, aksè nan sante mantal ak nan sipò byennèt yo, aksè nan entènèt wifi, kab televizyon, ansanm ak apèl lokal ilimite gratis pou w rete konekte ak moun ki konte pou ou yo, tout sa yo ap gratis. Tès COVID-19 yo disponib sou plas nan Otèl ki nan Pwogram Pran Swen yo.

### **Kòman yon founisè ka refere pasyan yo nan otèl yo?**

Nenpòt ki doktè, enfimyè, oswa asistan doktè toupatou nan Vil la kapab voye yon imel nan CommCareCP@nycdhc.org pou li refere yon pasyan a yon chanm otèl. Si w pa gen doktè, ou ka rele nimewo NYC Test & Trace ki la pou sa nan 212-COVID19 (212-268-4319), pou w pale ak yon moun ki ka ede w fè yon rezèvasyon.

## **Pou jwenn plis enfòmasyon konsènan NYC Test & Trace, rele nan 212-COVID19 (212-268-4319) oswa al gade nan testandtrace.nyc**